



Dlo ki Kontamine ak Danje ki gen Rapò ak sa

Chanjman klima a ogmante risk inondasyon nan Massachusetts. Inondasyon enstalasyon sanitè yo, kote yo trete dlo egou yo, fèm, abitasyon, ak antrepriz yo, kapab kontamine ak pwodui chimik yo oswa lòt polyan ki reprezante danje. Si w sèvi ak dlo inondasyon sa yo, sa ka lakòz ou gen maladi nan sistèm gastwo-entestinal, enfeksyon nan po ak je, epi enfeksyon nan blese ou yo.

Inondasyon yo tou kapab andomaje rezo elektrik yo, wout yo ak pon yo, kote sa ka pran plizyè jou pou repare yo. Lè pa gen ase chalè, limyè, ak enèji pou kuit manje, klimatizasyon ak ekipman medikal, sa ka lakòz ijans medikal oswa lanmò. Lòt risk ki kapab genyen yo se blese oswa lanmò debri kapab lakoz, fil kouran ki tonbe, moun ki nwaye, tonbe, anpwazonnen nan monoksid kabòn (CO), ak aksidan sou wout yo.



Ki moun ki plis an danje?

Gen moun ki kapab plis an danje akoz kote yo rete a, yo pa genyen enfòmasyon ofisyèl gouvènman an, yo pa genyen resous disponib pou prepare tèt yo pou reyaji fas ak sa, ak si yo ta genyen pwoblèm sante. Sa gen ladan li:

- Timoun ki poko gen 5 lane ak moun ki gen plis pase 65 lane
- Moun ki lwe kay yo
- Moun po nwa akoz rasis sistemik la
- Moun ki pa twò pale Anglè oubyen ki pa pale I ditou epi ki riske pa resevwa mesaj ijans yo nan lang matènèl yo
- Moun ki ansent
- Moun ki gen andikap
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb
- Moun k ap viv poukонт yo oswa moun ki gen mobilite ki limite
- Moun ki bezwen kouran pou itilize ekipman medikal oswa pou konsève medikaman nan frijidè
- Moun k ap travay nan sèvis piblik ak sekouris yo

Kisa nou kapab fè nan ka sa?

- [Kreye yon plan pou si ta gen tanpèt](#)
- [Kreye yon twous ijans](#)
- [Konnen zòn inondasyon ak zòn delij yo](#)

**W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth**



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health



Dlo ki Kontamine ak Danje ki gen Rapò ak sa

- Evite manyen dlo oswa fouye pye w nan dlo inondasyon ak labou ki kapab kontamine ak luil, gazolin, oswa dlo ki pa trete.
- Pa ale nan batiman ki kraze yo ak zòn oswa wout ki inonde yo
- Aprè inondasyon an, teste pi ki prive ou genyen yo pou w kapab wè si yo pa kontamine.
- Repare twalèt ki kraze yo
- Pa fè yo ale nan dlo inondasyon an - fè l pase sou kote l pito

W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health